



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 4 out 2014

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU RANFÒSE VERIFIKASYON ANTESEDAN YO POU ÓGANIZASYON VOLONTÈ PONPYE YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lwa ki ranfòse pwosesis chwa pou òganizasyon volontè ponpye yo nan egzije pou aplikan yo soumèt yon verifikasyon antesedan pou nenpòt kondanasyon pou ofans seksyèl ki te fèt anvan.

“Ponpye yo souvan nan yon pozisyon kote yo sèvi ak pwoteje manm ki vilnerab nan kominote yo— se poutèt sa li li enperatif ke òganizasyon ponpye volontè nou yo ekipe avèk pèsònèl ki kalifye ansanm avèk moun ki dedye,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan pèmèt gwoup sa yo verifye moun ki se ofansè seksyèl epi retire nenpòt moun ki te kondane nan ofans seksyèl, nap sipòte kèk nan gwoup volontè lokal nou yo ki pi enpòtan ak pran yon etap enpòtan nan bi pou genyen kominote ki pi ansekirite nan eta.”

Volontè ponpye souvan travay an prezans moun ki vilnerab yo, enkli timoun. Pwojè lwa ta mande potansyèl volontè ponpye yo pou otorize yon verifikasyon sou antesedan yo pou kondanasyon ki gen rapò a ofans seksyèl si moun nan ap kontinye avèk aplikasyon li an. Pwojè lwa ta egalman pèmèt konpayi ponpye endividyèl yo pou detèmine si volontè potansyèl la elijib pou vini yon manm volontè nan konpayi ponpye sa si yo te jwenn moun nan te kondane de yon ofans seksyèl ki anrejistre.

Lwa sa a te pase nan toulède chanm lejislati yo tankou S1885C ak A2318D, respektivman.

Senatè John J. Bonacic te deklare, “Anplwaye volontè nan depatman ponpye dwe genyen tout mwayen nesèsè yo pou prevni ofansè seksyèl ki kondane yo vini volontè epi retire nenpòt ki atkyèlman ap sèvi. Souvantfwa, volontè ponpye yo nan sitiasyon kote timoun ak fanmi yo prezan, keseswa anakasyon yon dife oswa ijans medikal, men yo egalman patisipe nan aktivite lekòl ak kominote a. Sa a pral bay moun yo ki apwouve nouvo volontè ponpye yo sipò yo bezwen an. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi poutèt li siyen pwojè-lwa sa a pou fè li vin yon lwa.”

Manm asanble Aileen Gunther te deklare, “Volontè ponpye yo se yon pati entegral ak inestimab nan kominote nou an. Yo an pozisyon konfyans ak otorite, regilyèman kominike avèk timoun, granmoun ak

fanmi yo ki vilnerab. Lejislasyon sa pral fè yon wout long pou asire ke depatman ponpye gen tout zouti yo bezwen pou pwoteje kominote a, ansanm avèk depatman an."

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE